

INYIFATO Y'UMUKRISTU MU NTWARO RUSANGI CANE CANE MU BIHE VY'AMATORA

**URWARUKA MU NTWARO RUSANGI
CANE CANE MU BIHE VY'AMATORA
« Ni mwebwe munyu w'isi... Ni mwebwe muco w'isi»**

(Mt 5, 13-14)

Ngozi, 07 Myandagaro 2019

Intangamarara

- Hasigaye amezi make ngo twinjire mu matora y'2020.
- Mugabo igihe c'amatora si kuva kumatora yambere gushika ku yanyuma honyene. Gitangurana nyabuna n'ibikorwa nyezina vyo kuyitegurira, kigaherana n'umusi inzego ziyavuyemwo zitanguye gukora. N'ubu turi muri co rero. Ikibabaje kandi giteye impungenge nyinshi ni uko umengo mu gihugu hari icuka kibi n'ubwoba bwinshi.
- None nk'urwaruka rukristu, iki gihe mwocifatamwo gute? Ubwo si igihe co gusubira kwiyibutsa ico ari co "intwaro rusangi" mukarimbura n'ingene ikwiye kunywanishwa n'ukwemera kwacu, gurtyo mugategera neza igikorwa co gutora, mukagiha insiguro n'intumbero bibereye. Ivyo ni vyo vyoheza bikabafasha kubirangurana umutima n'imforo bitunganye, be n'ukwifata nk'uko bibereye abigishwa ba YK muri iki gihe c'imbere y'amatora, no mu matora nyene, eka n'inyuma yayo.

Intwaro rusangi mu muco w'ukwemera kwacu.

- Reka rero duhere ku kuzirikana ingene twotegera intwaro rusangi tumurikiwe n'ukwemera kwacu. Nk'uko Umukama Yezu we nyene abidusaba, mu gihe cose c'ubuzima bwo kuri iyi si, abiwe dutegerejwe kurondera "ubwami bw'Imana n'ubutungane bwayo" (Mt 6,..). Petero Mweranda nawe mu kumwitsa yemeje ko : "Turindiriyeye ijuru rishasha n'isi nshasha, aho ubutungane busasagaye" (2Pe 3, 13). Mugabo araheza agaca yongerako ati: "Mu kurindira, nimwihatire

gukora ku buryo azobasanga mu mahoro, murtyoroye, mutagira amahinyu” (2Pe 3, 14).

- Umuhimbazwa Papa Pawulo VI nawe nyene yarabigarutseko mu nyigisho imwe, arashinga intahe yuko « aho kutudehesha, uko kurindira isi nshasha gutegerezwa nyabuna kudukaburira ukwitanga mu kuyirondera » (OA, 37). Ati: “kubw’ububasha bwa Mutima wa YK, Umukiza w’abantu no kubw’ukwizigira, umukristu aho aba hose, ategerezwa kwihatira kuremesha amahoro, ubutungane n’umuvukano, kugira ngo ahahindure ishikanwa rishimwa n’Imana” (idem). Mugabo ivyo yavyemeje abanje kwibutsa yuko uwugenze na Mutima w’Umukama nyene atigera atekana ngo aryame ataco yinona, mu gihe rya juru rishasha n’isi nshasha bitarasasagara ; mu ndinganizo iyariyo yose y’ubutegetsu n’imibano, aguma acambirwa ubutungane bw’ubwami bw’Imana (raba ha handi).
- Ngico igituma Ekleziya itihambirira ku ndinganizo n’imwe y’ubutegetsu. Ahariho hose, kuva igitangura, ibandanya irangura ubutumwa bwayo, itaravye ngo hari indinganizo y’ubutegetsu iyi n’iyi canke intwari iyi n’iyi. Yarabaye mu bihugu vy’intwari ya cami, iraba mu bigengwa n’intwari z’umukazo, none ubu irangurira ubutumwa bwayo ahenshi mu bihugu vyemeza ko bigengwa n’intwari rusangi ari yo demokrasi.
- Ivyo ntibisigura yuko, kuri yo, intwari zose ari co kimwe. Mu nyigisho yataziye ngo “Umwaka ugira uw’ijana”, Yohani Pawulo II Mweranda yaratomoye ko Ekleziya ishima intwari rusangi kuko irusha izindi ndinganizo kwubahiriza uburenganzira bw’abenegihugu bwo kugira ijamba n’uruhara mu vy’intwari y’igihugu cabo, ikabubahira n’uburenganzira bwo kwitorera bo nyene ababatwari, bakagenzura ingene barangura ico gikorwa, bakongera bakabasubiriza abandi mu mahoro, iyo hageze canke babonye bikenewe (CDSE, 406).
- Twoshobora kuvuga duti mu ndinganizo z’ubutegetsu zose zabayeho n’izirihho ubu, intwari rusangi ni yo yorohereza Mutima Mweranda n’abakristu ukugendera inyota n’ishaka

vy'ubwami bw'Imana mu vyerekeye ubuzima rusangi mu gihugu. Hariho mbere abakristu bamwe b'incabwenge banditse bemeza yuko intwari rusangi ikomoka ku mwambiro w'Inkuru nziza.

- Nk'uwitwa Henri Bergson (1859-1941) yagize ati: "ibiranga intwari rusangi bikomoka ku Nkuru nziza kandi urukundo ni rwo moteri yayo" (Les deux sources..., p. 304).
 - N'uwitwa Jacques Maritain (1882-1973) na we nyene aho ni ho yari ahagaze: "La poussée démocratique a surgi dans l'histoire comme une manifestation temporelle de l'inspiration évangélique" (Christianisme et démocratie, p. 61-62). Akongera ati: « Non seulement l'état d'esprit démocratique vient de l'inspiration évangélique, mais il ne peut pas subsister sans elle ... » (Christianisme et démocratie, p. 63).
 - Uwahoze ari icegera c'umukuru wa Leta zunze ubumwe z'Amerika, Henry Wallace : « L'idée de liberté dérive de la Bible et de son extraordinaire insistance sur la dignité de la personne. La démocratie est la seule expression politique véritable du christianisme » (Discours du 8 mai 1942).
- Nta mukristu yoyirengangiza canke ngo ayanjanjweko....
Nico gituma amatora dutegerezwa kuyitwararika.

Mbega, kubw'ukwemera kwacu, amatora twoyaha insiguro nyabaki n'intumbero iyihe?

- Mu bihugu bimaze imyaka myinshi mu ntwaro rusangi ituma biza biritaba amatora kenshi, hariho ivyashinze itegeko ry'uko umwenebihugu wese akwije imyaka abwirizwa gutora, hakaba n'ibindi bireka hagatora uwushatse. Nko mu Bufaransa ni ko bimeze. Baravuga rero yuko nk'ica gatanu c'abafaransa bakwije imyaka bataja gutora. Ni ukuvuga yuko kuri batanu batanu, hatora bane gusa uwundi akimarira izindi manza. Abo batitaba amatora bakavuga ko babitumwe n'uko babonye n'yo batoye atagihinduka
- Abatowe bese baza bameze nk'abambere kumwe k'umwana w'isiha !!!

- Ubutegetsu bw'ukuri busigaye buri mu nzego mpuzamakungu zitatowe kandi abenebihugu badafiseko ububasha
- Mbega umukristu ararekuriwe kumera nk'abo badatora? Mbega abaye nka bo yoba acumuye?

Ugutora ni igikorwa ngombwa k'umukristu

- Abakristu turi abenegihugu nk'abandi, bafise uburenganzira bwo kugira uruhara n'ijambo mu vyerekeye ubutegetsu bw'ibihugu vyabo. Mw'ijambo twashikirije mu kwezi kwa Mukakaro 2009, ni ho twavuze duti: "Ukwitorera abatwara ni uburenganzira n'iteka ry'umwenegihugu wese. Nico gituma abenegihugu bokwitaba amatora batagonanwa".
- Mugabo igitumangenda c'umukristu muri ivyo ntigihagaze gusa ku bwenegihugu asangiye n'abandi bose. Gihagaze no ku co ari kubera ibatisimu yahawe. Yavukanishijwe na YK, Umwana w'ikinege w'Imana ngo asangire nawe umwitwarariko w'ineza n'ubukiriro vy'abantu bose kubwa Kristu. Ntarekuriwe kwigira sindabibazwa canke kwikumira iyo haramutse igikorwa canke ikindi cose giheza kikagira ingaruka ku buzima rusangi mu gihugu. Paulo Mweranda amaze kuzirikana cane ivy'urupfu rwa Kristu yaducunguye, ni we yayamaze ati: "Urukundo rwa Kristu ruraturaza ishinga, kuko tuzirikana yuko umuntu umwe yapfiriye bose kugira ngo abazima ntibabe bacigungana ubuzima bwabo..." (raba 2 Ko 5, 14-15). ***Ugutora rero si iciza dufitiye uburenganzira vyonyene, ni igikorwa dutegerezwa kubw'ibatisimu yatuvukanishije na YK.***

Commentato [N1]: Kutaba sindabibazwa

Ugutora ni uburyo bwo gutanga intererano yacu kugira ngo ubutegetsu bw'igihugu cacu bwisunge urugero rw'ineza ya bose.

- Umukristu ntashobora kwigira sindabibazwa: raba inyigisho ya Papa Frisisko kw'itariki ya 13 Nyakanga 2013 mu gasengero k'aho aba.

- Aho ni ho hashingiye umutima n'imforo umukristu ategerejwe kugira mu matora.

Amatora twoyarangurana umutima n'intumbero iyihe?

- Ku musu w'ugutora, umukristu yinjira mu bwihereho bw'amatora ari umwe nk'abandi bese, mugabo akabwinjiranamwo umwitwarariko nk'umwe Paulo Mweranda ahanura abakristu b'i Filipi ati: "nimwuzuze akanyamuneza kanje mu kwamana umutima umwe, Umwe wese ntiyiyumvire ivyiwe ariko **yiyumvire ivy'abandi**" (raba Abaf. 2, 2-4).
- Mu ntumbero y'iyi mpanuro ya Pawulo Mweranda, umukristu yinjirana mu bwihereho bw'amatora **umwitwarariko w'ineza ya bese**, yabanje gusenga amurikiwe n'ijambo ry'Imana be n'inyigisho y'Ekleziya yerekeye indinganizo y'imibano n'ubutegetsi mu bihugu no kw'isi.
 - o Iyo neza ya bese, twoyitegera dute? Mw'ijambo twashikirije mu 2004, igihe twariko turitegurira amatora yo 2005, twarabitomoye duti: " iyo neza [ya bese] si ugushirira umwe umwe wese aho ashaka, akurikije ibiri n'ico bimwungura wenyene ubwiwe canke bikagira ico vyungura umurwi yiyumvamwo kandi yegukiye, Vyongeye, ineza ya bese si ineza ya Leta gusa n'abayirongoye canke iy'abishikira ku bategetsi". Twarahavuye turagaruka ku nyigisho y'Inama Nkuru y'Ekleziya yabereye i Vatikanu ubugira kabiri, duti: "**Ineza ya bese nyakuri ni urunani rw'indinanizo y'intwari n'imibano, ubutunzi, ubutungane be n'ibindi vyiza vyose nkenerwa kugira ngo umwe wese mu baba mu gihugu ashobore kubaho nkuko bibereye iteka kama rya zina muntu**". Duti: "**Mur'ivyo vyiza harimwo n'uburenganzira bwo kwunga ubumwe n'abandi nkuko abishatse mu mirwi yiyumvamwo kandi abona ishobora kumufasha kurushirizaho kwiteza imbere mu buntu no mu butunzi**" (raba GS, 26).

Commentato [N2]: Gushira imbere ineza rusangi

- Muncamake, ineza ya bose ni: “ibiboneka n’ibitaboneka vyose bikenewe kugira ngo zina muntu be n’imigwi itandukanye y’abantu bashobore kubaho neza no gushikira igihagararo kizima” (GS, 26).

- o Uturorero twodufasha gutegera

Ibiboneka

- Impwemu
- Amazi
- Ibinyabuzima n’ibindi bidukikije
- Amashure, amabarabara, amavuriro
- Umuyagankuba

Ibitaboneka

- Imico myiza n’indero kama
- Inyigisho y’akanovera mu mashure
- Ivyiyumviro vyubaka ubuntu n’imibano itunganye

- Ku mukristu rero, igihe c’amatora ni igihe co kurimbura ingene iyo neza ya bose yitwararitswe n’abo amatora yaheruka yari yahaye ubutegetsi, akongera akarimbura n’igihagararo abo yatora mu yimirije bobwirizwa kuba bafise, kugira ngo iyo neza izorushirizeho kwitwararikwa.

Commentato [N3]: Kurimbura umwitwarariko w’ineza ya bose

- Ni igihe kandi co kwiyibutsa ko ku musi w’amatora, umukristu ataba agiye guha Sezari ivya Sezari gusa mugabo ko ategerezwa kubigirana umwitwarariko w’uguha Imana ivyayo.

- Dusome dutegere Mt 22, 21

- Ni ukugaragaza ishaka ryo kuronderera igihugu ciwe ubutegetsi butigira ikimana ciganza mugabo burangwa nyabuna n’umwitwarariko wo gukorera abenegihugu ngo bagire aho baba kandi bubahirwe iteka ryabo (raba Lk 22, 26).
- Ni uburyo bwambere bwo kugira uruhara n’ijambo mu vy’ubutegetsi bw’igihugu ciwe, afatiye ku rugero rw’Inkuru nziza. Ni bwo buryo bwambere bwo kwinjiza umwambiro w’iyi Nkuru nziza mu migende y’ubutegetsi.

Commentato [N4]: Kutigira ikimana

- Reka duhere aho nyene, dutere intambwe ya nyuma mu kudoma urutoke ku vyoranga umukristu mu gihe c’amatora :

Inyifato nyezina y’umukristu imbere y’amatora, muri yo n’inyuma yayo

- Ubwambere, nkuko twabivuze mw’ijambo ryo 2004: co kimwe n’abandi benegihugu, **ategerezwa guha amatora agaciro kayo nyakuri mu ntwaro rusangi.**
 - o “Amatora ubwayo si yo agize intwaro rusangi; ni iciza kimwe gusa mu vyerekana yuko iyo ntwaro iriho vy’ukuri”. Twovuga mbere yuko ari iciza cisunga ibindi bisumbirije. Ivyo navyo ni:
 - “nk’ukwubahiriza agateka k’abantu bose baba mu gihugu be n’umwidegemvyo wabo, naho boba ari batobato, canke inkehwa”;
 - Ukwemera n’ukwemeza yuko abenegihugu n’abakibamwo bose banganya iteka kama, kandi ko bagenewe kubaho no kubana bubahana mu budasa bwabo;
 - Ukwubahiriza uburenganzira umwenegihugu wese afise bwo gufata ijambo mu vyerekeye intwaro ishoboye kwubahiriza aateka ka zina muntu n’ukumufasha kwiteza imbere;
 - Ukwubahiriza uburenganzira umwenegihugu wese afise bwo kudakurikiranwa kubera ivyiyumviro vyawe, no mu gihe nyene bishize kubiri n’ivy’abatwara;
 - Ugushinga amategeko atomoye kandi ashobora kumenywa na bose;
 - Ukwubahiririza kandi abenegihugu n’abakibamwo bose uburenganzira bwo kwikorera utwabo ata nkomakomyi, mu gihe badashize kubiri n’amategeko atunganye.
 - o Amatora ni uburyo bwambere bwo kugendera uburenganzira duhejeje kuvuga bwo gufata ijambo mu vyerekeye intwaro ishoboye kwubahiriza aateka ka zina muntu n’ukumufasha kwiteza imbere.
- Ubwa kabiri, kubera ibatisimu yahawe, **yokwiyumvamwo iteka ry’ugusangira umutima n’ingendo na YK, mu vyerekeye igihu ciwe.**

Commentato [N5]: Guha amatora agaciro kayo nyakuri

Commentato [N6]: Ugusangira umutima n’ingendo na YK

- Ategerezwa kuja mu matora agabiye kuzobandanya aterera mu mvugo no mu ngiro kugira ngo abazoba batowe bategeke bisunze rwa rugero rw'ineza ya bose.
- Ubwa gatatu, ategerezwa **kwiyakira nk'umwe mu bandi benshi batabona vyose kumwe nawe**
 - Invugo yubaha kandi yubaka kuko itumbereye ukuri kubohora kandi kugakiza kudacagura canke ngo ukumire.
 - Ukuri ni ngenzebuhoro, ntikwitwaza igikenye mugabo gutsindisha ingingo ihimbara umutima ikengenga ugushaka.
- Ubwa kane, yokwitondera **ugutohoza igihagararo c'abitoza n'agaciro k'ivyiyumviro n'imigambi yabo**, afatiye kuri rwa rugero nyene rw'ineza ya bose.
- Iyo ari uwitoza na we, yokwitondera imigambi azoshikiriza yisunze rwa rugero rw'ineza ya bose.
- Ubwa gatanu, **umukristu ntagurisha ijwi ryiwe canke ngo agure amajwi**, ayacisha ukuri kw'imigambi ashikiriza.
- Ubwa gatandatu, **ntatyoza abahiganwa nawe**, abo atiyumvamwo canke abo yaneguriye imigambi.

Commentato [N7]: Kutibar uko atari : ni umwe mu bandi bafise iteka n'uburenganzira nka we

Commentato [N8]: Kuja hamwe n'abandi ngo utohoze igihagararo c'abitoza

Commentato [N9]: Kutagura canke ngo ugurisha ijwi

Commentato [N10]: Kudatryoza abandi

Ugusozera

- Umuntu afatiye kuri rwa rugero rw'ineza ya bose, arashobora n'ukudondagura n'ibindi vyinshi vyoranga inyifato ibereye umukristu.
- Iyo nyifato, ni intererano itikwiye kugira ngo haboneke amahoro arama be n'intwano rusangi nyakuri. Ija mu zindi z'ubwoko bunyuranye, igaherezwa nka ya mikate itanu n'ifi zibiri Yezu yakoresha mu kugaburira abantu isinzi. Ni intererano duhereza Yezu, Umwami w'amahoro, mu gisabisho, kugira ngo atugabire ayo mahoro arama be n'intwano rusangi nyakuri.

✘Joachim NTAHONDEREYE